# УСТАЗДЫ ЕСЛЕП…

**Абдираманов Ж.Б**
*Әжинияз атындағы НМПИ География оқытыў методикасы кафедрасы үлкен оқытыўшы*



Халқымызда "Устаз атаңдай уллы", деген жақсы сөз бар. Ҳақыйқаттанда, ата инсанның дүньяға келиўине себепши болса, устоз оған турмыста жасаўды, қалайынша турмыстың жолында алжаспастан басып өтиўге тәлим береди.

Муғаллимшилик–бул уллы атақ. Себеби пайғамбарлар муғаллим болған дейди. “Муғаллим” сөзиниң мәниси илим бериўши, тәлим бериўши, үйретиўши деген. Әне усының өзи устазлық қай дәрежеде жоқары дәреже екенлигин көрсетеди.

Илим – руўхыйлық азығы. Инсанияят илим менен ҳақыйқый бахытты қолға киритеди, оның шарапаты менен раўажланады. Илим устаздың мийнети, күши менен қолға киргизиледи.

Илим тараўында өзине тән жетискенликлерге ерисиўде устазлардың берген жәрдеми салыстырып болмастай уллы екенлигин барлық илим менен, билим бериў менен шуғылланған ҳәм усы кәсип пенен шуғылланып атырған ҳар бир инсан жүдә жақсы биледи.

Әне усындай устазлардың бири Қарақалпақстан Халық муғаллими, Қарақалпақстанға мийнети сиңген муғаллим, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, Қарақалпақстан Халық билимлендириў ағласы, Өзбекстан билимлендириў ағласы, Бурынғы Аўқамның Халық билимлендириў ағласы Қырмызы апа Дәўлетова болып табылады.

Қ. Даўлетова Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда география ҳәм оны оқытыўдың раўажланыўына үлкен үлес қосқан ҳәм усы уллы илим тәрбия орайында жоқары маман қәнигелер ҳәмде илимий педагог кадрлар тайярлаўдай мухаддес жумыста өзлериниң бийғәрез жәрдемлерин аямаған устаз деп есаплайман.

Устаз Қырмызы Даўлетова 1938-жылы 10-апрель күни Қараөзек районында туўылған. Ол 1954-1955-оқыў жылында Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты Тәбияттаныў факультетиниң

география бөлимин оқып питкергеннен кейин Нөкистеги А.С.Пушкин атындағы (1959-1961), М.В.Ломоносов атындағы (1961-1963), В.Н.Терешкова атындағы (1963-1973) мектеплерде оқытыўшы болып иследи.

Қарақалпақстан мәмлекетлик педагогикалық институтында (1973-1976) оқытыўшы, Бердақ атындағы мәмлекетлик университетинде (1976-1993) аға оқытыўшы, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында (1993-2000) доцент лаўазымларында иследи.

Ол өзиниң өмир жолы даўамында 25 ке жақын илимий-методикалық китаплардың авторы. Оның «География сабағы ҳәм үлкетаныў» (1992) китабы, «Оқыўшыларды география сабағында карта менен оқытыў» (1985) атамасындағы оқыў қуралы, «Әтирапымыздағы тәбият» 1-2-класс ушын сабақлығы мектап оқыўшылары ушын тийкарғы оқыў қуралы қатарында пайдаланылмақта .

Қ.Даўлетова өмирлик жолдасы академик Ж.Базарбаев пенен жазған «Әдептаныў» (Нөкис 1992, 1994,) «Одобнома» (Нөкис 1994) «Инабат» (Алматы 1995) китаплары халықтың ҳурметине мияссар болды. Оның қоса авторлықта 1-4 класслар ушын «Әдепнама» пәни ҳәмде 8-класс ушын «Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм социаллық географиясы» сабақлықлары жаратылды

Қырмызы Дәўлетованың Қарақалпақстан тәбийий ҳәм экономикалық географиясын үйрениўдеги әҳмийетли, салмақлы мийнетлерин, методикалық көрсетпелерин жоқары баҳалап, 1995-жылы «География пәниниң доценти» илимий атағы, илимий ҳәм педагогикалық мийнетлери нәтийжесинде Қарақалпақстан Халық муғаллими, 1996-жылы «Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты» деген атақларды алыўға миясар болды.

Устаз Қырмызы апа менен мен 1984-жылы әскерий хызметтен кейин сол ўақыттағы Нөкис мәмлекетлик университетиниң География қәнигелигине оқыўға киргеннен соң танысыўға мияссар болдым.

Студентлик жылларда саған сабақ берген устазлар әлбетте ядта мәнги сақланып қалады. Устаз бизлерге сабақ берген ўақытлары ҳәмме оны дыққат пенен тыңлап, оның ҳәр бир сөзине итибар берип отыратуғын еди. Ол группадағы ҳәр бир студенттиң минез қулқын жақсы билетуғын еди ҳәм усыған қарай олар менен қатнаста болатуғын еди.

Әсиресе қыз балларға олардың ҳар бир ҳәрекетин қатаң қадағалайтуғын еди. Айырым қызларды өзине шақырып алып сөйлесип,

оларға өз нәсиятларын берип, олардың келешекте өз орнын таўып кетиўне үлкен жәрдемин аямады.

Ол тап өз анамыздай болып балам, қызым деп мәсләҳәтин берип қатнас жасайтуғын еди.

Оның мениң өмиримде орны оғада уллы. Себеби мениң оқытыўшы болып жумыс ислеўиме тиккелей себепши болды десем алжаспайман. Мен 1989 жылы оқыўды тамамлап, сол ўақыттағы айырым район басшыларының мәсләҳәти менен өз районымдағы Ишки ислер бөлимине ҳүжжет тапсырған едим. Соған байланыслы маған оқыў орнынан минезлеме керек болып, мен сол ўақыттағы тарийх-география факультети деканы профессор Б.Шамамбетовтың қабыллаўханасында отырсам Қырмызы апа келе кетти. Ҳал аўҳал сорасқаннан соң меннен не қылып атырсаң, жумысқа кирдиңбе деп сорады ҳәм аўҳалды билгеннен соң маған қарап,-балам мен, сени келешекте муғаллим болады деп ойлаған едим. Сен еледе ойлан ҳәм ақыл менен шеш деди. Өзиниң көп ақылын берди. Нәтийжеде мен бүгин устаз дәрежесине жеттим.

Бүгинде кафедрамызда мийнет етип атырған Қ.Сейтниязов, Г.Утепова, Р.Гайпова, А.Нурланов, М.Раджафов ҳәм де Н.Отеновлар устаздың тәрбиясын алған устазлар болып табылады

Бүгин тек ғана Қарақалпақстанда ғана емес бәлки Орта Азиялық географлар Қырмызы апа Даўлетованы регионның жанкүйер устазы сыпатында жақсы таныйды, ҳүрмет қылады ҳәм илимий мийрасынан ҳәзирги күнде де илимий изертлеў жумысларда пайдаланбақта. Устаз таярлаған шәкиртлер тек ғана республикамызда, бәлки қоңсы мәмлекетлерде де илимий-педагогикалық жумыс алып бармақта.

Танықлы географ, жетик алым устозым Қ. Даулетованың баҳалы мәсләҳәтлерин унытпастан кейинги әўладларға да жеткизиўде устаздың берген билимлери бийқияс. Устаздың устазлық жумысларынан тысқары шаңарақта әдиўли ана болғанлының дәлили сыпатында шаңарақ ағзаларының ананың жумусларын даўам етип атырғанлығы алғысқа мияссар.

Сөз соңында, Устаздың руўҳлары бәрҳулла шад болсын деп, перзентлери, ақлық ҳәм шаўлықларына узақ өмир тилеп қаламан.